

 P U S A K A 

KUDJANG

TI GUNUNG

WAJANG

KA 9

KARANGAN
★ KIMASRAM ★

Diterbitkeun ku Penerbit ★ BAHAGIA ★
BANDUNG

1970

ku.

Gambar kulit dilukis ku ~ T E D D y. S ~



★ Pangaosna: Rp .70 . — ★



Surat iZin No. Pol. 268 — I/NBT/BIN/70.
KOMDAK VIII Djabar "Langlang Buana"
Telah diperiksa dan disetudjui untuk diedarkan.

Tibaheula mula oge perkara tjinta mah mang rupa hidji perkara anu pelik, tjinta bisa ngadjadi keun djelema sangsara, tapi teu kurang oge mawa kana kasenangan, dina perkara eta mah tergantung kumaha nu ngadjalankeunana, ngan anu pasti mah tjinta teh teu kenal waktu teu kenal kana kaajaan, ku tjinta loba djelema nu lat poho ka kolot, malah teu saeutik nu putus hubungan, gara² nu djadi ko lotna teu doa.

Saperti halna Lesmanawati harita, manehna geus katarik ati kapentang panah asmara ku Santana, eukeur mah kitu katambah mireungeuh Santana rek dibinasa ku bapana, puguh Lesmanawati mah nu beurat ka panutan, sanadjan ka bapa sorangan harita mah wani ngabantah ngalawan, ku ajana sipat Les manawati kitu teh keur Barada mah mangrupa hidji gangguan nu katjida gedena, nu ahirna djadi napseu eukeur mah geus teu panudju pedah anak ngahalan ngan katambah anakna teh mikabogoh pisan, puguh ambek ku dua ku tilu atuh ahirna njieun kakerasan.

Lesmanawati nepi ka di usirna tapi manehna teu leutik hate terus we muru kawalungan maksudna rek neangan Santana nu kabedjakeun dipalidkeun ka walungan ku Ursip djeung ku Ondo.

Tapi buktina Santana masih keneh beleger teu sa kara karn, atuh puguh Lasmanawati mani bungaheun n keran, barang gok pagih oge mani ngagabrug, kitu deui Santana gede kabungahan.

Kulantaran sieun panggih déul djeung nu neangan ana, gantjang Santana djeung Lasmanawati ngedjat ti dinja, nepi ka ahirna bisa bebas tina überan Bara da katut Ursip djeung Ondo:

Harita teh geus tengah peuting, duanana asruk asrukan asup ka leuweung, saenggeus aja di tempat nu aman gek dariuk handapeun tangkal kai, kabene ran bulan ngempraj, angin seger ngahiliwir matak genah matak betah kanu keur istirahat entas tjape, heug diuk parendeng djeung panutan ka tambah ka ajaan nu pikabetaheun, puguh mani geugeut komo Lesmanawati mah mani embung pisan paanggang diukna teh da eta mani terus njarande ka Santana bari panon peureum beunta.

Keur Santana mah matak dug deg djadjantung matak ngeleper hate, sahenteuna da kakara harita manehna mah otjon djeung parawan teh katambah ieu mah Lesmanawati nu sakitu ka geulisanana, saha jalikina nu teu dug deg? saha jalaki nu teu ka tarik ku Lesmanawati? keur geulis teh amis budi mun imut mani kempot nambahan sari!

Ngan wae Santana tetep hariwang ari sabab manehna mah tetep steun ku Barada lain sieun gelutna ngan sieun dina di salahkeunana wuri² keur di arah² ari heugmamawa Lesinanawati.

Tangtu di tuding djadi bapa maling, nja ka hari wang eta teh kungsi di tjaritakeun ka Lesmanawati tapi ku Lesmanawati henteu dianggap, alesanana keun wae tjenah da abdi mah bogoh, tur manehna geus di usir ku bapana, djadi ku alesan eta pisan Santana leeh hatena, da dipikir ku manehna oge me mang bener euweuh salahna, atuh ahirna mah Santana daek mawa Lesmanawati malah djangdji rek ngadjaga rek mikanjaah kalawan ati nu sutji.

Puguh Lesmanawati bungaheun pisan, diukna beu ki rapet wae ka Santana teh panonna teu lesot² terus neuteup slga nu nembongkeun kageugeut se deng hate ngeleper birahi mimiti bidjil.

„Kang?” tjeuk Lesmanawati bari leungeuna nje kelan leungeun Santana terus diusapan:

„Aja naon njai?” tembal Santana malik neuteup njeh imut sarua pada geugeutna.

„Ieu kang emh sapertos nu disaurkeun ku eng kang tadi, jen engkang teh bade mikanjaah bade mi ka deudeuh ka abdi! naha eta teh leres¹ kang? abdi mah sok sieun kang, sok sieun engkang ahirna ngan tunkeun abdi, panginten abdi teh tjulang tjileung sorangan kamana geura abdi njalindung da ari pun bapa mah tos sakitu kabuktosanana ka abdi parantos nundung panginten ku engkang oge kauninga.

Duh engkang abdi mah sieun kang . . sieun engkang mitjeun ka abdi emh engkang! naha bade le res² engkang teh?” tjeuk Lesmanawati.

„Oh piraku njai masih keneh tjangtjaja kana ka tresnan hate engkang? mangga geura bedahkeun jeuh dadi engkang upami njai kirang pertjanten mah parios kumaha kabersihanana hate engkang ka njai?” tembal Santana bari ngasongkeun dadana, atuh Lesmanawati imut bari njurungkeun deui awak Santana, ret neuteup hate djadi reugreug pertjaja sartus person, pertjaja jen Santana teh bener rek mikanjaah mikatjinta ka dirina.

„Alim atuh kang! kumaha upami engkang maot?” tjeuk Lesmanawati.

„Naha atuh njai bet teu pertjantenan?.

„Sanes teu pertjanten, mung hojong jakin we ma’ lum abdi mah ageung kahariwang, sok sieun saper tos nu sanes! engkang teh ngabobodo ka abdi”.

„Ulah disamikeun sareng nu sanes atuh nji! engkang tjinta ka njai, estu kereteg ning ati engkang sorangan, sawalerna engkang njuhunkeun kapastian ti njai, naha njai moal kaduhung. dahirna? naha njai moal kaduhung pedah wae gara’ engkang njai teh dugi ka di usir ku sepuh tur sepuh njai teh sasana musuh engkang pisan ! kumaha upami dugi ka aja kadjantenan nu teu dipikahojong, misalna wae aja musibat boh ka engkang boh ka tuang ramana ha njai moal ngalepatkeun ka engkang?” tjeuk Santana

Di tanja kitu teh Lesmanawati ngahuleng teu gantjang’ mele jawaban, pikirna uleng rus ras kana kadjadi n nu geus ka alaman.

Di pikir deui di bulak balik antara tjinta djeung
beurat kanu djadi bapa, di timbang² sarua beuratna,
ka Santana beurat ka bapa beurat, ngan wae ka ba
pa mah geus teu samodel baheula, satab tetela ba
pana geus teu mikanjaah, nepika luas ngusir ulah
njiksa kawas ka musuh bae.

Kusabab kitu Lesmanawati geleg rek sumerah di
ti ka Santana nu dipikatjintana.

„Kumaha njai?” tjeuk Santana nanja deui.

„Engkang abdi mah moal bade kaduhung kang sa
naos leres ka pun bapa, nanging abdi teu satudju
kana adat kalakuan andjeuna nu njata² djahat ing
kar tina sipat² Kamanusiaan ulah boro katu sanes
geuning ka abdi oge putrana tos luas njiksa tega
ngusir malih dugi ka bade ngabinasa sagala rupi.

Abdi kapaksa kumawantun ka pun bapa margi
pun bapa nu lepat djanten dina leresan eta mah mu
gi engkang pertjanten ka abdi” tjeuk Lesmanawati.

„Nuhun atuh ari njai gaduh pamadegan kitu mah
mung sanaos kitu oge, urang mah ulah dugi ka nga
jakeun tindakan kasar margi itu mah sepuh sanes
lawaneun, dilawan oge matak dorak² ka urangna, eng
kang oge sadar matak engkang teras ngedjat oge,
da waktos tadi oge engkang mah teu niat bade nga
djadjal elmu tuang rama mung bae engkang ngabe
la diri njingkahan bahaja.

Tah da ajeuna mah urang teh tos tebih ti lembur
Cangtoo urang aman moal hariwang teuing moal

kasusul ku tuang rama!" tjeuk Santana.

„Leres kang . . emb engkang, teu sangka pisan nja engkang, urang teh bakal sasarengan ka djalan nu sarupi kieu emb katjida pisan we pun bapa mah mani teu aja hawatosna komo mun ka dengeun".

„Njai ku engkang oge kabartos, tuang rama teh bendu ka njisi, dumeh wae njai ngahalangan kana pa maksadanana njeta dina ngarebut Pusaka Kudjang nu dibantun ku engkang, kaduana dumeh wae njai loma ka engkang, ari kanggo engkang mah sasatna ngabela diri ngabela ka bebasan sareng hak diri pri badi engkang, ieu Kuđjang bade direbut ku tuang rama wadjib engkang teh mertahankeun.

„Tah ajeuna njai tos diusir ku tuang rama dugi ka ngiringna ka engkang, zri kanggo engkang mah teu aja kaabotanana, mung bae sateu atjana engkang bade naros heula, naha njai tehmo al kaduhung di ahirna? da engkang mah tos sakieu kabuktosanana hirup sangsara ka dungsang¹ nunggelis tos teu ibu rama, djanten tangtos upami njai ngiring ka engkang kana katjandak sangsara teh, taangga ajeuna mah emutan heula ku njai supados njai ulah ngaraos ka duhung dina ahirna" tjeuk Santana.

„Engkang kunaon engkang teh bet naroskeun wae perkawis eta, naha engkang teh masih keneh tjangtja ja kana kasatiaan abdi?" tjeuk Lesmanawati bari neuteup m-ni anteb.

„Nuhun atuh ari njai geus buleud pamadegean mah” tjeuk Santana ngarenghap bungah;

Djep sakedapan mah djempe, duanana euweuh nu ngomong, nga hate masing² sarua batjeo, pi omongeun loba tapi hese rek pokn¹, ma'lum nu munggaran sosonoan sok loba ka era.

Sedeng bulan harita teh mani montjorong kawan tu tanggal opit belas, bentang² oge milu njarak-sian mani baranang mang djuta², geus teu ka bilang ku manusia.

Saenggeus rada lila pa heneng², pok Santana ngomong deui mani ngeleper.

„Njai tingal itu bulan mani sakitu montjorongna, bet asa ku wararaas njai.

„Muhuo nja engkang, sapertos nu ngiring njaksi-an ka urang, eta bentang mani baranang ting karelip ting karitjeup sapertos nu ngiring suka, emh engkang bet sok batah abdi mah kang” tjeuk Lesmana wati bari gelehe sirahna njarande kana taktak Santana seerr seblak hate Santana sumeblak.

„Njai kemo upami urang di salujuan ku sepuh njai, tjatjakan di musulan oge geuning tetep wae urang teh tiasa ngaraoskeun endahna alam dunja, emh njai mugi wae atuh Pangeran nga idjabah kana sagala pamaksudan urang” tjeuk Santana.

„Sumuhun engkang mugi Pangeran maparin R-hmat ka urang ! mugi urang dugi ka tiasa ngahidji teras hirup sasarengan.

Ret nji Lesmanawati ngareret, kabeneran Santana
oge ngalieuk atuh treup dua teuteup paadu bet ma
ni kawas nu geugeut nakeran, sedeng biwir ting be
lenjeh seurisarua pada nembongkeun kaasih
djeung kadeudeuh nu ditarung ku tjinta:

Lesmanawati mani peureum beunta, tina ku nik-
mat² na ngageléhe njarande dina awak Santana, ha
te ngeleper, nu ahirna timbul rasa birahi atuh ret
deui ka Santana pok ngomong bari tanggah beungeut
nampeu hareupeun beungeut Santana siga nu pas
rah gahadja.

„Kang? .. geuning mani tiris nja kang ?”.

„Puguh we atuh nji tiris mah da aja di luar, sabar
we njai ulah aral subaha sing ngawajahnakeun ma-
neh * tjeuk Santana.

„Emh engkang abdi mah tos tunduh kang haju
atuh kang urang kulem” tjeuk Lesmanawati deui ba-
ri leungeuna njekelan Jeungeun Santana sedeng beu-
ngeut mani beuki deukeut wae kana beungeut San-
tana manehna geus teu era tina ku geus teu tahan
napsu da memang kitu pisan sipat swewe mah si-
ga nu enja tjitjing² padahal mun geus napsu mah
wanina teh sok leuwih² ti lalaki matak ngeleper
nu borangan . .

„Mangga we njai bade kulem mah didieu jeuh
dinu garing tah ku ieu we simbutna mah ku sa-
rung engkang keun ku engkang di djiga” tjeuk
Santana manehna oge mimiti sur ser ka goda ku
napsu sjetan.

.. „Sareng atuh kang sareng engkang kulemna! pi raku abdi kulem engkang henteu .

.. Sawios njai da engkang mah kiat apan ngadjagi bilih aja sato galak !”

„Da moal aja sato atuh kang”.

„Mangga we njai ti pajun, engkang mah engke pandeuri” tjeuk Santana beuki lila mah manehna beuki teu puguh rasa, ret kana biwir Lesmanawati nu sakitu pika urujeunana, ret kana hariguna nu keur meudjeuhna njeungseung seblak hatena njeblak napsu birahina beuki ngagedur.

„Alim ah palaj sareng”.

„Pamali nji”.

„Saur saha pamali, kitu nja engkang mah mani teu aja hawatosna pisan ka abdi teh!” tjeuk Lesmanawati semu nu ogo, ret tanggah neuteup sorot pa non mani seukeut, atuh Santana teu wudu djadi dag dig dug lalaunan leungeuna kana tjangkeng Lesmanawati kep wae terus meulit, puguh Lesmanawati mani bungaheun, njeh imut bari ngelet kawas nu mere isjarat keur Santana.

„Njai ? leres njai teh tjinta ka engkang?”

„Duh engkang kunaon engkang teh mani sapertos nu teu pertjanten ka abdi ! moal oge abdi ngiring ka engkang, upami abdi henteu tjinta mah moal oge abdi kersa sasareangan kieu upami teu miabot mikabogoh ka engkang mah ! duh engkang abdi mah tos kagungan engkang!” tjeuk Lesmanawati bari tanggah deui.

..Njai . . ?" tjeuk Santana mani haroshos.

„Kah, bade aja naon kang?".

„Emh njai engkang oge tjinta ka **njal teh**" tjeuk Santana deui bari lalaunan narik awak Lesmanawati duk, terus biwirna njuruwuk ka handap nindihan bi wir Lesmanawati sedeng leungeun mah mani pabeu lit silih tangkeup pa-pageuh".

Dua pasang biwir paadu silih seuseup semu nu nikmateun nakeran . . tjelepot deui tjelepot deui kawas nu euweuh boesenna pisan.

Komo Lesmanawati mah nangkeupna teh mani ti pepereket siga nu embung lesot, orokaja Santana teu kadjongdjonan, manekna sadar jen Lesmanawati teh lain pamadjikanana, sedeng tjeuk Agama oge di teu benerkeun pisan mun nepika ngalakukeun nirtja djeung nu lain muhrim teh harita Santana djeung Lesmanawati ampir²an tigebrous kana djurang kanir tjaan, untung wae Santana kaburu sadar.

Gantjang Lesmanawati dilesotkeun puguh Lesmanawati mali masih keneh nangtang, tapi Santana gan tjang njarita pokna teh.

..Tos njai ujah kamalinaan teuing, bilih urang terus kagoda **ku pangadjak** sjetan heug wae urang teh nepi ka ngalakukeun nirtja nu dilarang **ku Agama**, djadi kusabab kitu ajeuna urang **kudu bisa ngaba**— tasi diri sangkan urang tetep salamet teu di satru di bendu in **ku Pangeran**, dina leresan ieu mah njai oge panginten ngama'Jum da urang teh teu atjan katjangtjang **ku hukum tikah**.

Ngadenge omongan Santana teh, Lesmanawati imut bari pok nembal.

..Leres kang abdi oge ngartos".

„Nuhun we atuh nji da ari tos pada² ngarti mah, tangtu urang tiasa ngadjaga diri gaul kalawan sopan teu ngalanggar naon² nu dilarang ku Agama^v tjeuk Santana deui.

„Kang? dina leresan eta mah ulah salempang, mar gi abdi oge terang kana naon nu lepat sareng naon nu leres tur sae, moal atuh kang moal dugi ka nga langgar larangan Agama.

„Nja mugi² wae atuh nji Pangeran nangtajungan maparinan kakiatan iman ka urang. tah ajeuna mah mangga bilih bade kulem mah ku engkang di djagi" tjeuk Santana.

„Muhun bade di dieu we kang" tjeuk Lesmanawati bari terus ngageler gigireun Santana, disimbut ku samping sarung ari Santana tjindeluk ngadjaga bisa aja sato galak ma'lum aja di leuweung ..

-O★O-

Tengah poe ereng²an, panasna mani moreret ma tak hareudang bajeungjang, moal kuat mun leuleum pangan djauh di djalan teu katempo aja nu leumpang aja oge hidji dua mapaj² anu iuh kitu teh lamun nu keur perelu dines da nu teu dines mah terus ngari uhan handapeun tangkal kai bari ngageberan kesang nu ngoprot dina awakna.

Nu araja dilembur oge njá kitu deui lolobana mah ngadon tjaritjing istirahat, tju! pagawean da puguh teu kuat ku panas, komo keur nu babarian mah terus we djangar kana sirah nepi ka teu saeutik nu terus sare, bari awak di buligir nangkuban di tepas imahna.

Nu keur leumpang areureun heula, loba nu terus asup ka wararung ngadon nginum heula nu tiis², ne pi ka di eta warung pinuh kunu rek balandja. malah loba nu teu kabagean tempat keur diuk narang tung wae di luar. bari ngaleguk nginum kawas nu nibm teun nakeran.

Diantara sakitu lobana nu keur ngarinum di eta warung katempo aja hidji awewe tengah tuwu keur nginum tjai duwegan malah duweganana oge harita teh mani geus beak dua sigana wae tina ku hanang²na haja ng nginum ma'lum nu keur aja dina per djalanen djauh.

Mun di tilik tina rigigna eta awewe teh tetela lain awewe djore², rupina oge teu eleh³ teuing ku barudak ngora, bener geus boga umur tapi ka geu lisana aja keneh pangawakan djangkung leutik di na lebah tjangkengna mani lenggik jir papanting, ari papakeanana katempo geus rada kalalotor, siga nu geus lila tjan di seuseuh.

Panona seukeut gerakan awakna mani siga nu ha rampang pisan ku nempo rigigna oge pasti eta awewe teh awewe nu boga pangarti hoteng enja wae teu salah, sabab manehna teh Masitoh teu, nu keur neangan Santana anakna (aos deui wae supados djelas mah djilid ka opat).

Poe eta kabeneran Masitoh datang ka eta kam pung, kusabab poe keur meudjeuhna panas tur ha naang hajang nginum nja terus njimpang ka warung pesen dewegan mani sadua-dua.

Saenggeus dewegan nu dua teh heuk, manehna henteu terus indit, tapi diuk heula dina bangku deukeut kana lawang panto dewegan oge tjan dibajar keun wae tjenah engke mun rek indit da harita mah hajang ngaso heula ngaleungitkeun ka tjape

..Emh nja kamana atuh Santana teh aing neangan ber ka ditu ber ka dieu tapi euweuh panggih! emh udjang dimana atuh udjang teh? naha udjang teh geus teu inget ka ibu?" tjeuk gerentes hate Masitoh bari ngaheruk hate ka gagas rus ras inget kana ka djadian anu geus ka alamanana.

Atuh puguh kanjeri djeung ka sedih kahudang deni, nu ahirna hate djadi ngarakatjak, teu karasa tjiapanon oge njalangrung terus murubut maseuhan kana kadua pipina .. djorelat rupa anakna ngadjore lat katjipta asa aja hareupeunana, leketej wae ma nehna djadi leuleus, sahenteuna hate sipat nu dja di indung ka anak, geus pasti kana njerina djeung sedihna teh mun ditinggalkeun ku anak teh.

..Emh udjang hampura ibu djang, lain ibu teu njaah atawa tega ka udjang, tobat teuing teu pisangan? matak ku ibu diteangan oge, njaeta ibu teh ka tjida beuratna, ngan wae udjang aja dimana da ku ibu teh geus diteangan kadiu kadieu tapi udjang euweuh wae panggih? na ha udjang teh aja keneh di dunja atawa geus . , duh Gustiiii dimana atuh aja na pun anak teh? upami maot dimana kuburanana upami hirup keneh dimana ajeuna ajana? mugi Gusti maparin pituduh kadiri abdi" tjeuk gerentes hate Masitoh, nunuhun ka Jang Agung nedah Kanu Kawasa.

Sedeng tjiapanona terus murubut atuh nu araja di dinja djadi karageteun tapi euweuh nu wani na nja pajing ge ukur olahok nempokeun.

Masitoh djadi era sorangan, gantjang tjiapanona teh disusutan ku saputangan, geus kitu mah maneh na ngahuleng deui ngan henteu terus ngalamun sa model tadi, ajeuna mah bingung ku pilampaheun du neh wae suku geus asa bareuh awak geus le leus tjararape.

Na atuh keur kitu teh torodjol aja hidji lalaki ko lot pangawakanana djangkung gede, njoren bedog sagala, ari beungeutna mani kereng panon beureum, leungeun di geulang ku akar bahar.

Sup ka eta warung, leumpangna siga nu rusuh, nepika nu dl luar loba nu kadupak atuh waktu asup ka dhero teh djol djeger wae ngadupak Masi tos nu keur genah² diuk di sisi.

„Kira¹ atuh leumpang teh, pan njaho ieu djalan teh heurin, emh komo mun di imahoa sorangan” tjeuk Masitoh bari neuteup ka lalaki nu ngadupak na, ngadenge omongan Masitoh kitu teh eta lalaki terus malik baris molotot.

„Andika nu ngahalangan, teu ngopi mah ulah nga djentul didinja nja ngaheurinan nji ngirurudjit eta pakean mani barau kitu dasar nu baramnaen !” tjeuk eta lalaki bari terus ka dhero gek diuk rada djauh ti tempat Masitoh mah, atuh pugoh Masitoh mani ngadegdeg teu ngeunah dumeh asa dihina.

„Eit kurang adjar tah djelema teh olo³ mani asa aing pisan, djeung nempo beungeutna mah aing teh asa⁴ geus wawuh ? emh saha nja manehna teh ? keun sialku aing rek di tjoba nepi ka mana panga bisan teh .” tjeuk garentes hate Masitoh bari kertung nginget⁵ kana beungeut eta lalaki, dumeh wae manehna asa asa geus manggih djeung eta lalaki kolot teh, tilis Masitoh nzahulang, ahirna mah manehna inget jen etateh Barasantja tea.

Memang bener sangkaan Masitoh teh teu njalah an, eta lalaki teh bener Barasantja musuhna nu tiheula ngarebut Kudjung Pusakana malah rek maeh an sagala mun teu katulungan ku aki Tarmidi mah (zos deui djilid nu ka tilu).

„Moal salah eta teh si Barasantja, aing apal ke nehi tapi manehna mah geus teu apaleun bukti bieu oge teu neundeun tjuriga, asa kabeneran pisan aing panggih didieu ajeuna aing rek ngajakeun balitung an bari rek menta deui Kudjang nu tiheula di re—but ku manehna, emh Barasantja awas andika ulah rek sambat kaniaja” tjeuk Masitoh geus gilig rek males dendam mulangkeun kanjeri.

Sedeng Barasantja manehna mah djongdjon ngi num es, nepi ka geus beak tilu gelas, ret² panon na ngareretan ka Masitoh, tapi teu boga sangkaan jen eta teh nu tiheula rek di binasa na disangkana mah Masitoh teh nu baramaen.

Opat gelas es geus pindah kana beuteungna ka kara Barasantja ngoredjat tjengkat.

„Sabarahasun ieu teh ?” tjeuk Barasantja nanja keun hargana kanu boga warung.

„Opat mah djanten opat sen !” tembil tukang warung bari rengkuh hormat.

„Mahal¹ teuing tah duitna oge aja sibenggol be nggolna geus we sakitu lah dewek teu boga deui” tjeuk Barasantji bari ngalungkeun duit sabenggol, tukang warung geus teu lob³ omong sabab njaho ka Barasantja....

..Daek henteu dibajar sakieu teh?" tjeuk Barasan tja deui njentak pedah nempo tukang warung olo bok kawas nu geumpeur teh.

..Sumuhun parantos sakieu oge tjekap . . "

..Bisi menta tambah deui jeuh dampal leungeum tambahna mah kana beungeut".

..Ah henteu kulan tjekap ieu oge . ."

..Kunaon atuh kalah molotot wae?

..Henteu. ." tjeuk tukang warung mani ngadegdeg leos manehna ninggalkeun Barasantja bari awak ngeleper kawas nu muriang.

..Hahaha . ." tjeuk Barasantja bari kolojong niatna rek ka luar deui barang nempo Barasantja rek kaluar, gantjang Masitoh ngalempengkeun sukuna dipake ngahalangan djalan, ari Barasantja teu boga tjuriga, manehna djongdjon leumpang ka luar bari seuseurian, sakapeung panona teh ngareretau ka Masitoh kawas nu ambekeun pisan.

..Hej gembel tukang baramaen!, tjan keneh indit maneh teh?" tjeuk Barasantja bari terus leumpang beuki lila beuki deukeut wae ka tempat Masitoh.

..Ulah ngahina kitu andika! da andika oge lain so dagar geuning bieu majar es oge di andjuk sawareh" tembal Masitoh ludeung.

..Kurang adjar siah hajang di balangkeun ka luar hah ?" tjeuk Barasantja bari luntjat rek ngarontok Mastoh tapi Masitoh kesit ngelok ka tukang bari suku diangkat dipake ngait suku Barasantja.

Atuh Barasantja mani ti djuralit bru rubuh kaluar! sadjeroning kitu teh hatena teu weleh ngarasa heran, naha tjenah aja nu baramaen pinter kitu, malah sakur djelema nu aja di eta warung teh kabeh oge tingpolohok kageteun! kabeh gogodeg nempo ki Djago rubuh ku awewe teh, rob wae djelema nga riung siga nu hajang laladjo, saha nu bakal djadi patjundang antara ki Djago djeung eta awewe teh.

Koredjat Barasantja tjengkat deui, tina ku ambek djeung era ku djelema loba, sebrut wae manehna luntjat naradjang ka Masitoh nu masih keneh nang tung dina lawang panto. waktu Barasantja rek neu nggeul ngan sagilek ku Masitoh di pitjeun.

Atuh peureup Barasantja nu babalingbingan teh, ngahiuk nondjok angin, miresungeuh kitu Barasantja napsueun nakeran, kesit manehna malik bari nga heumbatkeun deui peureupna!

Hiuk kerewek ku Masitoh di rawel, niatna rek terus di kontji tapi Barasantja henteu tjitjingeun, samemeh leungeuna di tarik ku Masitoh manehna miheulaan neredjel sot leungeuna lesot bari terus peureup katuhu di heumbat niatna rek ngarah ka na beuteung Masitoh atuh puguh di serang kitu teh Masitoh mani ngarandjug manehna geus teu boga awahan rikeun ngagiwar eukeur mah serangan Barasantja teh tjebet pisan katambah aja dina tempat nu heurin dina lawang panto kitu atuh dimana rek bisa laluasa.

Tapi Masitoh teu beakeun akal, dina kasempe. tan nu sakitu heureutna. Masitoh luntjat ka hareup ngaluntjatan Barasantja nu njuruwuk handapeunana, puguh Barasantja gagel deui ari. Masitoh geus djauh aja di sisi djalan, bari ngabedega pasang kuda²

„Kurang adjar sjetan bikang siyah montong utjing³ an siyah mun bener wani niah!” tjeuk Barasantja bari luntjat ngadeukeutan Masitoh.

„Har piraku di serang kudu tjitjing mah andika oge moal daek meureun nja nri kudu bendjol teu pupuguh mah?” tembal Masitoh.

„Wani ngaheureujkeun ka kula? naha andika teh tjan apal ka kula?”

„Memang geus apal malah sanadjan nepi ka tung² umur oge kula moal rek poho, komo kana kalaku an andika nu kawas sato mah! kula moal rek poho kana kalitjikan andika, sjukur kuja teh di panggih keun di dieu, ajeuna kula rek males mulangkeun ka njeri djeung rek menta deui barang nu tiheu ja ku andika di paling.”

Gebeg Barasantja ngagabeg, barang ngadenge kitu ret mentjrong kana beungeut Masitoh ras pikirna inget waktu baheula ngarebut Kudjang Pusaka tea, atuh inget kadinja mah teg wae manehna tjuriga jen awewe nu aja hareupeunana teh tetela tjenah Masitoh tapi bari djeung kitu oge manehna tetep ngarasa heran dumeh wae ti heuli teh M sitoh di samber hantu tapi kabuktianana masih keneh beleger

„Saha andika teh hah? barang naon nu geus di pa
jing ku kula teh? gagabah we siah ngomong teh!”
tjeuk Barasantja njengor bari molotot.

„Piraku andika poho deui ka kula! tjeuk kula nu
ngaran Masitoh teh!”

„Masitoh? lain geus modar andika teh?”

„Buktina feu kumaha?” tjeuk Masitoh bari srog
madju ngadeukeutan Barasantja.

„Sjetan . . . rek naon andika teh make los² ka dieu
hah?” tjeuk Barasantja ngadegdeg.

„Ujah api² bodo, da andika oge meureun inget ke
neh waktu baheula ngarebut Kudjang, tur rek ngabi
nasa ka kula, untung waes kula aja nu nulungan, tah
ajeuna kula teh rek mulangkeun kanjeri djeung rek
menta deui Kudjang kula, sok kadieukeun ulah rek
di buni²!” tjeuk Masitoh.

„Ngeunah teuing siah ngomong teh, da dikira bu
dak ololleho nu beunang kaolo kula teh? jeuh Masi
toh bisi hajang njaho mah Kudjang teh geus antjur
sabab tetela eta Kudjang teh lain Kudjang Pusaka
Padjadjaran, ajeuna geus potong djadi dua tur aja di
anak andika si Santana, djar we rek neangan mah
teangan anak andika” tjeuk Barasantja ngadjelaskeun

„Nu beener andika ngomong teh? dimana ajeuna
anak kula teh?” tjeuk Misitoh siga nu atoh ngade
nge jen anakna hirup keneh teh.

„Teuing dimana da kula panggihna oge ngan sa
kali²na . . . njao modar njao hirup keneh!”

Ngadenge omongan Barasantja kitu teh, Masitoh djadi boga kajakinan jen anakna teh hirup keneh, a tuh hatena bungaheun pisan, tapi sanadjan kitu oge tetep wae ari dendam ka Barasantja mah teu bisa leungit.

„Hej Barasantja ajeuna andika kudu tanggung djawab kana kalakuan andika nu tiheula geura si ap? Barasantja !” tjeuk Masitoh teuneung ludeung.

„Eit kurang adjar siah sjetan bikang na andika teh teu sieun modar ?!”

„Teu perlu loba omong Barasantja sok madju mun bener? mah andika lalaki !” tjeuk Masitoh siga nu ngahina pisan, atuh puguh Barasantja mani ngaheab asa di rerab teu loba omong deui slet bedogna di lugas, sebrut naradjang bedog diheumbat ngarah ka na beuheung Masitoh; tapi Masitoh kesit ngagiwar malah mani ngan sakilat pisan pigeulang leungeun Barasantja di tewak djebrod dipeupeuh beungeutna

Atuh Barasantja mani ngabangkieung diteunggeul sakali oge mani geus siga nu ripuh nja henteu rekku mah da Masitoh teh ajeuna mah geus njandingkeun elmu nu Jain handap? mangbulan? kitu atuh dipeu seuh ku aki Tarmidi nu sohor kasaktianana.

Puguh Barasantja beuki ngagegedur wae napsu na teh era wirang ku djelema nu njaraksiu dumeh wae geus kabeunangan malah diulinkeun pisan ku pantar awewe, srog deui pasang kuda? panon mani beureumburingas hu itu kekerot teu beda ti utjing anu rek ngerekeb beuriit.

„Teu singka pinter geuning andika teh? tapi a was ulah rek sambat kaniaja, si Barasantja moal rek mere hampura, komo ka awewe sjetan kieu!” tjeuk Barasantja bari biwirna kunjam kunjem horeng teh keur djadjampean mapatkenn adjianana ngambat el mu tanaga batin keur ngabinasa Masitoh.

Tapi Masitoh oge geus surti gantjang manehna ngagedekeun kawaspadaaan, nja harita Masitoh rek njoba² ngadukeun elmuna srog ka hareup panon seu keut ngawaskeun gerak nu djadi lawan.

„Modar siah ajeuna mah sjetan bikang!” tjeuk Barasantja bari djleng luntjat naradjang.

Di serang kitu teh Masitoh, ieu ieuh ngedjat sa balikna manehna oge luntjat mapag serangan Barasantja gabret duanana di adu dua tanaga rongkah diadu, akibatna tjukup hebat Masitoh undur dua lengkah ka tukang tapi dina kaajaan tetep adjeg sedeng Barasantja ti djengkang aja kana genep lengkahna bari awak nambru nangkarak bengkang kitu deui sungutna ngaluuarkeun getih.

Di dieu bisa ditjiriikeun jen elmu Masitoh teh aja dina saluhureun elmu Barasantja Malah Barasantja oge sadar tur hatena ngarumasakeun ngan wae ku lantaran ngadjaga nama sanadjan ripuh oge kapaksa manehna hudang deui srog pasang bari njusutan getih nu ka luar tina sungutna.

Nu njaraksiat lobé nu surak nempo ki djago terus³an rubuh teh, nuguh Barasantja beuki panas wae hatena.

Sabalikna Masitoh menehna mah tetep tenang srog kahareup, na atuh kakara oge rek ngalengkah sebrut teh Barasantje miheulaan njerang, puguh Masitoh rada ngarandjug, djebet peureup Barasantja kana beungeutna atuh Masitoh undur bari siaprek males njerang, kuda² gantjang di petjah atuh waktu Barasantja malik rek neunggeni deui teh, sakilat ditewak, djekuk² dipeupeuh hu.u angenna.

Rengkog Barasantja ngarengkag, tapi ku Masitoh geus teu dibere kasempatan, habek dinantja puguh ki djago ripuheun pisan, beungeut geus beureum kapulas ku warna getih, tapi da puguh geus nekad teu, manehna djadi panasaran djleng ka tukang neangan awaban kep bedogua di tjekel pageuh terus di puter² sorana mani tinghariuk.

Masitoh henteu gimir henteu geumpeur katempuna teh tetep tenang, sanajan Barasantja ngaguna-keun pakarang tapi Masitoh angger lemor padhal ari bedog mah harita oge mawa ngan wae menehna hajang ngalawanan ku leungeun kosong

„Geura tjabut tah bedog teh ulah sira ngagan tung wae sak urang ngadu kapelitan ajeuna mah „tieuk Barasantja susumbar nangtaug ngadjak maen bedog tapi Masitoh ngan ukur mesem.

„Kula mah tara tumau ngagunakeun bedog ari mu suh ngan sasiki mah ku leungeun kosong oge tju kup ! ” tembal Masitoh ngahina.

..Eit kurang adiar si setan bikang siah! ras keun sapat geura tah beuheung teh!

„Der wae Barasantja ari bisa mah, ulah loba teu ing omong era atuh ku batur”.

Heatt Barasantja luntjat, bari bedog di heumbat hiuk tjenah sorana mani matak paur, eta bedog nga lajang tjeplet lir kilat ngarah kana beuheung Masitoh nu njaraksian mah mani geus ting puringkak sabab njangka jen Masitoh teh bakal palastra.

Tapi sangkaan nu njaraksian teh njalahsan sabab samemeh bedog Barasantja keuna kana sasaranana Masitoh geus ngelok manten, atuh hiuk bedog teh ngahiuk njabet angin luhureun sirah Masitoh.

Barasantja djadi kalap, hiuk bedogna teh di sabet keun deui ka hareup, tapi orokaja Masitoh rikat pi san luntjat ka luhur, atuh dua kali njerang teh Barasantja terusan gagal teu mawa hasil, barang ma lik njaho² Masitoh geus aja hareupeunana.

Teu ngomong deui sebrut Barasantja naradjang deui gilek Masitoh ngagiwar bari leungeun motah newak pigeulang leungeun Barasantja sedeng leungeunna nu hidji deui napel dina punduk Barasantja kalawan semu nu hampang nakeran awak Barasantja di bantingkeun ka hareup djuralit bluk Barasantja nangku ban, bareng djeung kitu djerit manehna ngadjerit kawas nu njerieun pisan.

„Aduhhh tobattt . . . ” tjenah terus teu hudang deui sedeng handapeunana ngabajah getih horeng teh beuteungna bedah ku bedogna sorangan atuh rog nu njaraksian tadi teh ngagimbung ngariung Barasantja nu geus teu njawaan.

„Tah geuning kieu ahirna ari djelema nu sok nga djago asa aing teh, teu burung we meunang wawa les” tjeuk salah sanrang nu deukeut ka Barasantja

„Puas we lah modar ge da djelema djahat” tjeuk nu sedjena siga nu mpuas.

„Teu sangka nja? awewe nu bieu teh urang ma na nja, eh kamana ajeuna?” tjeuk nu tadi bari nem poan Masitoh, tapi tetela Masitoh geus euweuh di dinja, atuh djelema urang dinja teh teu bisa nganu hunkeun heula ka Masitoh.

Ari Masitoh ti saenggeusna nempo Barasantja rubuh teh terus ngajemet indit ka Kulonkeun kala wan teu kanjahoan ku djelema loba nu tingberetek ka Barasantja, harita teh Masitoh geus djauh ti di nja, niatna rek terus neangan Santana.

ooo

Malikan deui lajakon Djarot, Perbawa djeung Kartowidjojo, ti mimiti ngadjorag Barasantja nepi keun ka poe harita maranehna masih keneh gede ka panasaran rek keukeuh neangan Santana genep taun lilaoa aprak²an kaditu kadieu duit bekel ledis bandu nu dibawa beak, dipake keperluan sadjeroning di perdjalanan.

Kusabab geus beak bekel, nja kapaksa maranehna neangan keur dahar tina ladang babadog rarampog mun beurang gawena ngabegal, megat sakur nu nga liwat mun aja nu ngalawan atawa teu daek masrah keun babawaanana ku maranehna terus dibinasa.

Sanadjan loba hasil hiru senang tina ladang raram pog babadog tapi ari panasaran hajang miboga Ku djang Pusaka Padjadjaran mah keukeuh wae aja malah harita teh niatna beuki ngalentab dumeh wae geus kagok aja di pangumbaraan genep taun kitu atuh kukurilingan kahajangna angot beuki rongkah.

Harita teh tiluanana keur ngariung aja di imah panjewaan dariuk bari ngaropi tjai na tjai kopi kueh na kueh roti bubuhan loba duit beunang kamari ngarampas ti sodagar beunghar ajeuna mah maraneh na teh aja dina kasen, ngeun djeung kamewahan bu buhan gede wae panghasilan.

„Mun terus kieu mah senang jeuh hirup teh, sa-popoe tjitjing, duit lobi dahareun teu kurang, sok betah di pangumbaraan, haroream we lah balik ka tembur teh” tjeuk Perbawa bari regot² manehna ngi num.

„Puguh da rek terus djadi urang dieu? ieu mah kaitung gawe sambilan, tibatan urang teu dahar teu nanaon kieu ge . .” tempas Djarot bapana.

„Ah da teu nanaon atuh pa keur gawe satekurna oge, puguh hasilna puguh senangna apan sakali op rasi urang balik ngagembol duit loba tibatan kudu buburuh nu teu njukupan mah geura we ajeuna teh keur meudjeuhna lantjar urang tiluan pada dipika gimir dipikasieun djadi pasti moal aja nu rek wani eun ganggu . . puguh kasempetan ieu teh pa.

„Puguh ari kituna mah ngan urang teh kudu djeng aturan unggal poe teuing mah kuriak urang pang gih djeung nu rek ngabasmi ka urang ajeuna, kudu di atur lamun oprasi kudu di bagi² poe ieu duaan isukan duaan djadi ulah abring³an tiluan sabab bisi aja bahaja, bisi aja nu ngintip djeung da duaan oge piraku rek teu hasil.

„Kumaha mun nu dipegatna aja loba pan ari urang duaan mah ripuh pa geus we biasa tiluan deui am beh reugreug.

„Heueuh bener mending tiluan sama rata digawe sarerea” tjeuk Kartowidjojo kakara milu ngomong da titadi mah djongdjon we ngopi njikap roti djeung tji kopi adjangna.

..Nja tiluan² teu nanaon " tjeuk Djarot.

..Barina oge ulah dihususkeun teuing kana gawe kieu mah, da urang teh boga tudjuan nu utamana arandjeun teh geus poho deui?" tjeuk Kartowidjojo bari neuteup ka Djarot djeung ka Perbawa.

..Puguh we kula ge inget mah, nepi ka pegat u mur ge moal poho ari tjan laksana bisa kapimilik mah, enja nja geus aja genep tauna urang teh tjan hasil bae, neangan mah geus tjape deui tapi sana djan kitu oge keur kula mah, moal matak pondok pangharepan, saatjana eta Kudjang Pusaka kapimilik ku urang, urang kudu tetep ihtiari" tjeuk Djarot manehna asa kaingetan.

..Tapi kamana neanganana geuning geus sakieu li lana, si Barasantja teh tjan kapanggih wae kamana kaburna atuh nja si Barasantja teh?" tjeuk Perbawa.

..Urang mah geus teu perlu neangan si Barasantja, nu penting neangan Kudjang Pusaka Padjadjaran tjeuk Kartowidjolo bari djung tjengkat nangtung

..Har kumaha andika teh? apan Kudjang Pusaka teh geus aja dina leungeun Barasantja tapi teu perlu neangan si Barasantja kumaha ieu teh asa teu ngalalarti teuing na rek bisa hasil kumaha ari urang teu bisa manggihan si Barasantja mah?" tjeuk Perbawa dumeh wae manehna mah tjan njahoeun jen Kudjang nu direbut ku Barasantja ti Masitoh teh lain Kudjang nu dimaksud ku maranehna tur tjan njahoeun jen Barasantja teh geus adjal ku Masitoh.

Naha andiku tjan manggih bedja? ap.n si Barasan tja mah geus modar, aja nu maehan njaeta ku Masitoh tur Kudjang nu di rebut ku manehna teh lain Kudjang Pusaka nu di maksud ku urang! da ari Kudjang Pusaka Padjadjaran mah tetep di tjekel keneh ku anak si Masitoh njaeta si Santana tea.

„Djadi ajeuna mah urang teh kudu neangan si Santana kakara urang bisa menta eta Pusaka ti manehna” tjeuk Kartowidjojo ngadjelaskeun.

„Djadi si Barasantja teh geus di paehan ku si Masitoh? Iain geus modar tjenah si Masitoh mah?” tjeuk Djarot, manehna oge sarua teu ngartieun.

„Tjeuk bedja mah si Masitoh teh hirup keneh waktu bareto dibawa ku si Barasantja Masitoh teh aja nu nulungan nya kakara ajeuna² manehna kabeh djakeun deui kula oge asalni mah teu pertjaja nga n mangkukna panggil djeung urut murid si Barasantja nya ngadongengkeun kitu” tjeuk Kartowidjojo

„Tjlaka mun kieu mah urang teh njinghareupan djelema nu luhur elmuna, geura we pikir si Barasantja teh geus kaitung beurat ku urang mah tapi ajeuna geus binasa ku Masitoh teteja Masitoh teh ajeuna geus djadi djeleme sakti sa pati³ bisa nga lahkeun si Barasantja pertanda elmuna teh aja dina saluhureun si Barasantja kula mnh tiheula oge meh² an korban komo meureun ajeuna kudu njinghareup an Misitah” tjeuk Djarot siga nu sieun ku Masitoh puguh deui Perbiwa mnh mani dug deg hariwang.

..Wah! naha andika teh leutik teuing burih ongkoh wae kasebut djago, tapi geus kumeok memeh dipa tjok ? pira oge pantar awewo lah moal sabaraha tanagana" tjeuk Kartowidjojo seuri koneng.

..Kuring oge lain sieun da saumur njunjuhun si rah tjan pernah djadi patjundang" tempas Djarot

..Niha atuh make djeung sieun ku si Masitoh ? tapi ari bener rada teu untupin ngalawanana mah keun we kula nu ngabereskueunana.

..Ari hasilna kumaha ?

..Geus tangtu milik kula, sabab nu migawena " tjeuk Kartowidjojo.

..Teu bisa andika teu bisa kitu sabab ti bareto oge bibarengan djeung kula tur andika geus djang dji lamun eta pusaka geus kapimilik bakal di bagi dua sakali sewang dina ngagunakeunana ari ajeuna andika boga niat kitu teu? bisa na kula teh rek di aiggap artja ?" tjeuk Djarot siga nu ambek.

..Andika ulah tipopolotot kitu tjan nanaon andika mah mani geus ribut " tjeuk Kartowidjojo njentak dumeh wae teu ngeunah di polototan.

..Bongan andika boga niat kitu !

..Memang kula niat kitu da ari digawe sorangan nu tjape kula sorangan piraku hasilna kudu di bagi dua, mun kitu mah andika hajang ngeunahna wungkul " tempas Kartowidjojo.

..Lain hajang ngeunahna wungkul da ieu tjan pu guh mun kitu kula geus mundurkeun diri kakara.

„Apan tadi andika geus ngomong, tjenah sieun teu untupau ngalawan Masitoh, eta hartina andika geus embung tjape, hajang untung tina enteng kula oge teu bodo atuh” tjeuk Kartowidjojo.

„Karto andika ulah kasieunan, sabab kula oge tjan puguh tjitjing, djeung ongkoh geus buktiatjan jen kula ng-edjat ku si Masitoh, panggih deui oge atjan, kuja mah lain sieun laia embung ngalawanan ngan ngemongkeun elmu si Masitoh, n ha teu meu nang kitu mudji kana kapinteranana?” tjeuk Djarot.

„Geus atuh kunaon ieu teh bet parereca omong tjan oge nanaon geus ribut kumaha engka we ieu mah buktina” tempas Perbiwa nengahan atuh djep sakedapan mah djarempe duanana ngahuleng da enja atuh taja untungna marebutkeun nu tjam karuhan.

„Ajeuna mah haju babarengan neangan si Santana hasil teu hasil pada² nanggung resiko rugi untung babarengan” tjeuk Perbrwa deui.

„Gener To haju ajeuna mah urang indit sugan we atuh ajeuna mah hasil bisa panggih djeung si Santana” tjeuk Djarot leuleuj deni.

„Gampang indit mah tapi kudu dipikir bijajana eta biaja teh moal tjukup ku duit saeutik ieu teh lain indit²an sapoe dua poe bukti ajeuna urang geus genep taun lilana tjan hasil nanaon kalah duit ludes banda beak dipake bekel dijalanan” tjeuk Kartowidjojo.

„Ari enggeus kumaha? piraku urang kuda tjitjing wae mah?.. tjeuk Perbawa.

„Lain nitah tjitjing kula oge ngan kudu di pikir heula pibekelunana.

„Gampang atuh neangan duit mah ajeuna oge urang teh keur usaha” tjeuk Djarot.

„Enja tapi lain duit saeutik sabab bisi lila samo del tiheula djadi duitna teh kudu loba sangkan urang tenang dina neangan mangkelukna” tjeuk Kartowidjojo.

„Urang kukumpul we ti ajeuna, itu oge simpenan mah aja ” tjeuk Perbawa.

„Ajeuna mah kieu haju we urang kalebak sugar aja mangsa anu hipu, tjeuk Djarot ngadjakan ngabe gal djung manehna nangtung kop kana bedog.

„Kabeneran wajah kieu mah sok loba nu balik masar piraku we nepi kateu hasil mah haju pa buru² bisi pegateunana kaburu ngaliwat” tjeuk Perbawa siga nu teu sabar hajang gera buru² indit.

„Haju atuh To buru².. tjeuk Djarot ngadjakan ka Kartowidjojo ari Kartowidjajo kalah ngahuleng nangtung di lawang siga nu tenang—tenang.

„Djig we duaan kula mah keur haroream, teuing kunaon ieu teh bet dadakan bet teu ngarareunah hate” tembal Kartowidjojo siga nu leuleus pisan.

„Har ongkoh kudu digawe babarengan, tapi andika m^{ah} geus embung kieu wae ge,

„Lain embung na kudu dipaksakeun wae ari keur teu ngarareunah teh ? sok we atuh duaan oge matak naon apen kamari kula mah tjape sorangan ajeuna bagean andika.” tjeuk Kartowidjojo.

„Heueuh pek we atuh ari rek ngadigoan di dien
mah ngan isukan andika kudu dines sakali sewang
tjeuk Djarot manehna ngelehan maneh.

„Puguh we atuh isukan man, kula oge boga pi
kir an piraku rek tjitjing wae”

„Haju atuh pa “ tjeuk Pertawa,

„Haju” tembal Djarot bari terus di tuturkeun
ku Perba wa duanana muru ka lebak niatna rek me
gat nu tas baralik ti pasar.

Teu katjaturkeun di djalana Djarot djeung Perba
wa geus tepi kanu di tudju njaeta hidji tempat nu
tiiseun didinja teh aja tangkal tjaringin sedeng leba
keunana ngebat djalan gede paragi djelema lalar ji
wat ngan wae lebah dinja mah rada tiiseun djarang
aja nu ngaliwat ari lain urang tonggeh mah kitu o
ge ari nu boga pausahaan di kota djadi nu ngali
wat kadinya mah meh ampir kabeh djelema nu da
ragang di pasar atawa sodagar² beunghar.

Gek duanana dariuk dina handapeun tangkal tjari
ngin pannonna seukeut ngalleukan ka kentja katuha
nempoan bisi aja nu ngaliwat tapi aja satengah djem
na tjitjing didinja tjan aja nu ngaliwat saurang² a
tjau atuh Djarot djadi ambekeun.

„Naha nja tjan ngaliwat keneh tah bandar² teh
naha geus njarahoeun kitu di pegat ku urang” tjeuk
Djarot bari ngusapan bedogna.

„Njahoeun ti saha ? atjan we meureun pa”, tjeuk
Perbawa ngababerah maneh padahal mah geus ne
redjel teu sabar katambah gemes deuih.

„Geus sore ieu teh? piraku tjan ngaliwat keneh wae ?” sok sieun geus ngaliwat we, meureun njemos urang teh djang” tjeuk Djarot.

„Sugan we atjan pa . - tuh geuning aja saurang tapi teu katempo mawa nanaon djeung siga awewe itu mah pa” tjeuk Perbawa bari tjurukna ngatjir nundjuk kabelah wetan enja we harita teh ka tem po aja hidji awewe nu leumpang ka kulonkeun.

„Wah gidigna oge nu kieu mah gidig ripuh moal aja duitan lah nu kieu mah” tjeuk Djarot bari terus neuteup kanu keur leumpang tea.

„Tjan puguh pa saha nu njaho manehna teh mawa duit loba ? hajang njaho we lah urang pegat” tjeuk Perbawa ngadjakan buru² megat ke djalan:

„Nja sugan we atuh mawa duit ” tjeuk Djarot terus turun ka djalanan dituturkeun ku Perbawa.

Ari nu ngaliwat teh horeng Masitoh pisan nu harita kakara nepi kadinja dina perdjalanan rek ne angan Santana Masitoh djongdjon leupang teu boga tjuriga pisan sedeng Djarot djeung Perbawa geus siap² aja dina tukangeun rungkun.

„Pa, asa² wawuh ieu mah pa siga² Masitoh pa” tjeuk Perbawa semu nu ngarandjug reuwas dumeh wae geus radi deukeut mah manehna apal keneh kanz rupa Masitoh teh.

„Heueuh sigana mah bener djang teu salah si Masitoh, emh asa kabeneran pisan” tjeuk Djarot bari terus neuteup ka Mesitoh hatena bungah dumeh wae ngabogaan niat sedjeri deui k¹ Mesitoh teh.

Korosak, belesat duanana luntjat ngahalangaa dja Ian Masitoh atuh puguh Masitoh mani ngarandjug geuwat manehna undur bari panon seukeut neu-teup ka djelema nu megatna,

Ret Masitoh ka Djarot ret deui ka Perbawa gebeg wae manehna ngagebeg sakitjeup nu geus genep taun katukang katjipta deui inget waktu keur rek dibinasa ku dua djelema nu boga niat rek nga rebut Kudjang Pusaka ari ajeuna eta dua djelema teh aja deui hareupeunana atuh puguh Masitoh djol ngagedur wae napsuna teh rej beungeutna eutjeuj mani beureum.

„Eh geuning andika bagdja teuing panggih deui didieu” tjeuk Masitoh bari undur neangan awahan

„Hahaha geuning andika apal keneh / sjukur we ari apal keneh mah, hahaha” tjeuk Perbawa.

„Geuning andika teh hirup keneh lain geus modar di paehan ku Barasantja ? teu sangka andika padjang umur nja, emh Masitoh geura pasrahkeun Ku djang Pusaka Padjadarian teh, sabab lamun teu di pasrahkeun andika bakal modar ajeuna ajeuna saha ajeuna nu rek nulungan ka andika hah!” tjeuk Djarot

„Matak kula lunta ti tembur oge kula teh rek neangan eta Pusaka bari sakalian neangan andika nu maksudna rek mulangkeun ka njeri waktu baheula

Perkara Kudjang mah kula oge teu njaho sabab waktu ditangan Barasantja njata eta Pusaka geus euweuh di manehna tjenah geus aja nu ngarebut deui teuing ku saha na mah.

Ajeuna mah geus tong nanjakeun ka kula, lamun bener² hajang mah pek wae teangan ku sorangan ta pi samemehna andika neangan Pusaka kula, andika kudu ngabereskun heula urusan nu baheula andika kudu narima heula wawales ti diri kula tjothag na mah andika teh kudu begalan pati heula saha di antara urang tiluan nu unggul!" tjeuk Masitoh teuneung ludeung.

„Kurang adjar wani nangtang siah? na dikira ku la teh rek sieun awas Masitoh dipodaran enja³ siah ajeuna mah" tjeuk Perbawa mani kekerot.

„Sok geura buktikeun sabab andika oge sarua ku kula teh rek dipenta njawa" tempas Masitoh.

„Lantjang pisan ngomong teh siah na teu inget waktu baheula apan andika teh geus rek modar ku aing teh ajeuna rek ngalawan deui nja? teu sieun modar hah?" tjeuk Djarot mani ngadegdeg maneh na teu wani sologoto djol njerang dumeh wae geus loba bedja nu kadenge jen Masitoh teh geus djadi wanita perkasa luhur elmu loba pangabisana.

„Memang kula lantjang bongan andika nu ngami mitian sok ajeuna mah tong loba omong keun bener andika djago geura tembongkeun nepi kamana kadja goan andika ulah rek nganggap remeh teuing geura djadjal jeh si Masitoh der Djarot urang mimitian!" tjeuk Masitoh tina ku ambek nepi ka wani nangtang kitu puguh Djarot djeung Perbawa mani asa dihina pisan teu ngeunah di taig² ku pantar awewe,

„Sjetan bikang padu ngong we siah ngomong teh awas andika ditjatjag djeung tai² ngorana siah. Per bawa lawanan ku silaing heula tah mangkeluk teh!” tjeuk Djarot nitah madju ka anakna.

Srog Perbawa ka bareup teu loba omong deui seb rut teh naradjang peureupna ngalajang nepi ka nim bulkeun sora lir bangbara tina ku tarik¹na di heum bat hiuk njuruwuk rek ngarah kana beungeut Masi toh tapi Masitoh teu ngantep ajana bahaja kesit pi san manehna ngagiwar atuh hiuk peureup Perbawa nu sagede buah nona teh njeplos nondjok angin.

Mireunge uh seranganana teu mawa hasil teh Per bawa angot beuki kekerot.

„Enjaan pinter siah ajeuna mah. tapi ulah sambat kaniaja, di sapatkeun tah beuheung teh.

„Wah geus teu perlu loba omong ajeuna mah. der² geura buktikeun, djeung ulah madju hidji² ka gok duanana we bareng ambeh kula segut ngalawan na” tjeuk Masitoh siga nu nguntup pisan.

„Gandeng sjetan bikang, hajoh Perbawa podaran tah mangkeluk teh” tjeuk Djarot bari srog madju niatna rek ngashurup Masitoh.

„Rasakeun siah ajeuna mah, modar siah !” tjeuk Perbawa bari ngalugas bedogna ketej p madju bari panon mani buringas teu beda ti mata heulang awak na oge mani ngadegdeg sedeng bedog dikoletjerkeun siga nu dipaks njingajieunan musuhna tapi Masitoh tenang pisan teu katempo geumpeur atawa sieun.

„Heaatttt, Perbawa luntjat naradjang bari bedog di sabetkeun ngarah kana beuheung Masitoh tapi Masitoh kesit ngelok bari leungeuna ngan sakilat ngarawel leungeun Perbawa kep beunang terus di kontji atuh Perbawa abragian.

Djuralit ku Masitoh di bantingkeun, aduhhhh tje nah Perbawa ngotjeak bru rubuh bari mandi getih puguh nempo kitu mah Djarot beuki ngalentab seb rut manehna naradjang dina gerakan nu tjebet lir kilat, heaattrt modar siah sjetan bikang !”

Kumaha terasna ? sumangga antos bae medalma djilid anu ka sapuluh.

-H A N T J A -

